

Kucingku sing Wulune Alus



Aku duwe kucing, tak jenengake si Manis. Kucingku sing jenenge si Manis lucu banget lan nyenengake. Saben dina kucingku takpakani sega tak campur karo gerih utawa iwak asin. Si Manis seneng banget olehe mangan mulane awake katon lemu. Akeh bocah sing seneng karo si Manis. Kejaba lucu, si Manis iku uga pinter lan resikan. Wulune katon alus, solah bawane nggemesake. Luwih-luwih nalika ana sing njarag. Nalikane dijarag, si Manis mesthi beraksi kaya ing atraksi sirkus kae, mulane sapa wae sing cedhak karo si Manis mesthi gemes lan kepengin njarag. Si Manis ora gelem bebuwang saenggon-enggon. Nalikane kepengin bebuwang mesthi golek panggonan ing kebon. Kabeh mau ya merga tak latih.

I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d ing sak ngarepe wangsulan kang bener !

1. Irah-irahan wacan ing nduwur yaiku

A. si Manis	C. kucingku sing Wulune Alus
B. kucing sing Alus Wulune Kinlong	D. kucingku, Si Manis
2. Paraga utama wacan ing nduwur yaiku

A. aku	C. bocah-bocah
B. si Manis	D. kucing ireng
3. Cerita ing nduwur nyritaake kedadayan

A. ana kucing sing alus wulune, pinter, uga resikan	
B. kucing sing ora gelem mangan	
C. ana kucing sing seneng bebuwang saenggon-enggon	
D. kucing ireng lagi atraksi sirkus	
4. Salah sawijining ciri cerita narasi yaiku

A. critane runtut (komplikasi)	C. ora ana paragane (tokoh)
B. panuturane singkat	D. nyritaake kewan

5. Perangan cerita narasi kang mujudake kepriye anggone ngudari reribet diarani
 A. narasi
 B. orientasi
 C. komplikasi
 D. resolusi
6. Perangane crita narasi kang kawujud ngenalake para paraga (tokoh), wektu kedaeyan, lan papan panggonane diarani orientasi. Jroning crita ing ndhuwur, perangan sing diarani orientasi yaiku
 A. nalikane kepengin bebuwang mesthi golek panggonan ing kebon. Kabeh mau ya merga tak latih.
 B. si Manis seneng banget olehe mangan mulane awake katon lemu. Akeh bocah sing seneng karo si Manis.
 C. aku duwe kucing, tak jenengake si Manis. Kucingku sing jenenge si Manis lucu banget lan nyenengake.
 D. nalikane dijarag, si Manis mesthi beraksi kaya ing atraksi sirkus kae, mulane sapa wae sing cedhak karo si Manis mesthi gemes lan kepengin njarag.
7. Perangan-perangane teks narasi kuwi ana telu, yaiku
 A. orientasi, komplikasi, resolusi
 B. pambuka, isi, panutup
 C. orientasi, isi, panutup
 D. orientasi, isi, resolusi

Kanggo mangsuli nomer 8 - 10

Wacanen kang patiti !

Dulur-dulur, keparenga aku arep ngaturake sawijine pawarta basa Jawa kang digiyarake lumantar Radio RKPD. Dina Selasa nganti tekan Jemuwah, tanggal 15-18 Nopember 2014, Perpustakaan Bung Karno Blitar nggelar adicara pameran naskah kuno, buku kuno, lan peta kuno. Miturut katrangan kang didhawuhake dening Kepala Perpustakaan Bung Karno Drs. Suyatno, M.Pd, sasuwene iki naskah kuno amung disinau kanggo panaliten utawa bahan gawe dhisertasi, kang mangka kasugihan budaya iki awèh gambaran akeh ngenani sujarah, piwulang lan tradhisi bangsa iki. Pameran kang diadani dening Perpustakaan Bung Karno iki bebas ditekani dening sapa wae, wiwit jam 09.00 nganti 21.00 WIB. Perpustakaan Bung Karno bakal mamerake naskah kuno, buku kuno, lan peta kuno.



8. Apa isi pawarta jroning wacan ing ndhuwur ?
 A. kegiyatane Radio RKPD
 B. gelaran buku, naskah, lan peta kuno dening Perpustakaan Bung Karno
 C. pagelaran drama kasugihan budaya
 D. perpustakaan Bung Karno tutup ing tanggal 15-18 November
9. Ing ngendi pameran naskah kuno lan buku kuno dianakake ?
 A. perpustakaan Bung Karno
 B. tanggal 15 Nopember 2014
 C. plataran Balai Kota Blitar
 D. plataran kantor Radio RKPD
10. Pagelaran kasugihan budaya ing ndhuwur yaiku gambaran ngenani
 A. panaliten utawa bahan gawe dhisertasi
 B. dina Selasa nganti tekan Jemuwah, tanggal 15-18 Nopember 2014
 C. ambal warsa Bangsa Indonesia
 D. sujarah, piwulang lan tradhisi Bangsa Indonesia
11. Pawarta minangka kedadeyan (peristiwa) kang diwartakake. Pawarta iku bisa arupa
 A. regional lan nasional
 B. cithak lan elektronik
 C. lisan lan tulisan
 D. radio lan TV

12. Tembung loro utawa luwih sing dirangkep (digabung) dadi siji, diarani tembung
 A. saroja C. entar
 B. camboran D. lugas
13. Ukara ing ngisor iki kang nggunakake tembung camboran yaiku
 A. aku arep tuku jajan **semar mendem** ing pasar
 B. dadi bocah kuwi aja **gedhe endhase**
 C. bocah yen **lunyu ilate** ora dipercaya wong
 D. bocah-bocah padha **guyub rukun** tumandang gawe
14. Tembung loro sing padha tegese utawa meh padha kang dianggo bebarengan, diarani tembung
 A. saroja C. entar
 B. camboran D. lugas
15. Bocah kuwi pancen *kethul atine*, diterangake bola-bali tetep ora mudheng. Tembung "kethul atine" kagolong tembung
 A. saroja C. lugas
 B. entar D. camboran

Kanggo mangsuli nomer 16 – 20

Jangkepna tembang Macapat ing ngisor iki!

Gambuh

Sranane urip ... (16),
 ana catur luwih becik ... (17),
 kang ginayuh tresna asih mring sesami,
 nora seneng urub-urub,
 apa maneh mring padudon

16. Sranane urip
 A. karya C. mulya
 B. kerja D. rukun
17. Ana catur luwih becik
 A. mungkur C. bubrah
 B. santosa D. rukun
18. Sing kalebu telu paugeran tembang macapat yaiku
 A. guru pada, guru lagu, guru larik
 B. guru pada, guru wilangan, guru gatra
 C. guru lagu, guru wilangan, guru gatra
 D. guru lagu, guru gatra, guru pada
19. Ing ngisor iki, guru wilangan lan guru lagune tembang gambuh yaiku
 A. 12u, 8i, 8u, 8i, 8o C. 12u, 6a, 8i, 12a
 B. 12i, 6a, 8i, 8a D. 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
20. Tembang ing dhuwur guru gatrane ana
 A. 4 gatra C. 6 gatra
 B. 5 gatra D. 7 gatra